Office of Alcoholism and Substance Abuse Services

## Otorizasyon pou Bay ak Resevwa Enfòmasyon sou Sante Konpòtmantal

| Non Pasyan an | Dat Nesans | Nimewo Idantifikasyon Pasyan an |
|---|---|---|
| Adrès Pasyan an | | |

Mwen, oswa reprezantan otorize mwen, mande pou yo ka bay ak resevwa enfòmasyon sou sante konsènan swen ak tretman mwen, jan sa endike nan fòm sa a. Mwen konfime:

1. Otorizasyon pou pataje sa a ka gen ladan tout enfòmasyon sou sante mwen, tankou jan li posib, nenpòt ak tout enfòmasyon ki konsène TRETMAN pou ABI ALKÒL ak DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL tankou enfòmasyon ki nan DOSYE KLINIK*, enfòmasyon JENETIK, enfòmasyon sou PLANING FAMILYAL ak enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH/SIDA. Si enfòmasyon sou sante ki dekri anba la gen ladan nenpòt kalite enfòmasyon sa yo, mwen bay otorizasyon espesyal pou yo pataje enfòmasyon sa yo ak ajans ki endike nan Paragraf 6 la.

2. Avèk kèk eksepsyon, depi yo fin pataje enfòmasyon sou sante mwen, ajans ki resevwa li pa ka pataje enfòmasyon sa yo ankò. Si mwen bay otorizasyon pou yo bay enfòmasyon mwen ki gen pou wè ak VIH/SIDA, enfòmasyon sou tretman m ap swiv pou abi alkòl oswa dwòg, enfòmasyon sou tretman sante mantal mwen tankou Dosye Klinik*, enfòmasyon Jenetik, ak/oswa enfòmasyon sou Planing Familyal, ajans k ap resevwa enfòmasyon yo gen entèdiksyon pou re-pataje enfòmasyon sa yo oswa pou itilize enfòmasyon yo pataje yo pou nenpòt rezon ki diferan avèk rezon ki endike nan otorizasyon sa a, si mwen pa bay yon lòt otorizasyon, sof si yo gen pèmisyon pou fè sa anba lwa federal oswa lwa Eta a. Si mwen viktim diskriminasyon akòz enfòmasyon mwen ki gen pou wè ak VIH/SIDA, mwen ka kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York (New York State Division of Human Rights) nan 1-888-392-3644. Ajans sa a gen responsablite pou pwoteje dwa mwen yo.

3. Mwen gen dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt lè depi mwen ekri pwofesyonèl swen sante ki endike anba la a nan Paragraf nimewo 5. Mwen rekonèt mwen ka anile otorizasyon sa a, sof nan limit aksyon yo deja pran sou labaz otorizasyon sa a.

4. Ou libelibè pou siyen otorizasyon sa a oswa pou pa siyen li. Mwen rekonèt anjeneral aksè mwen jwenn nan sèvis p ap depannde otorizasyon mwen bay pou divilgasyon sa a. Men, mwen rekonèt yo ka ban mwen refi pou tretman nan sèten sikonstans si mwen pa siyen konsantman sa a.

5. Non ak Adrès Ajans ki pral Resevwa Enfòmasyon yo:

6. Non ak Adrès Ajans ki pral bay Enfòmasyon yo::

Mwen bay otorizasyon pou Ajans ki endike anwo a kontakte pwofesyonèl swen sante yo ki endike anwo a pou jwenn aksè nan enfòmasyon sante pèsonèl mwen ak fasilite kowòdinasyon nenpòt sèvis mwen bezwen. Pou yo ka evalye kalite sèvis mwen resevwa yo, mwen bay konsantman mwen tou pou yo fè tout kominikasyon ki nesesè ant sant medikal sa a ak ajans sa yo anrapò ak istwa tretman mwen pou abi alkòl ak/oswa abi dwòg lontan; sèvis tretman mwen nan moman an ak sa yo pwopoze pou mwen:

- Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services) Eta New York; ak
- **Lòt:** ______________________________

______________________________

7. Rezon y ap pataje enfòmasyon sa yo se pou pèmèt ajans ki otorize yo kominike ak Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg Eta New York la pou fè li fasil pou bay rapò.

8. Yo ka bay oswa pataje enfòmasyon sou sante mwen pou yon peryòd de (2) zan apati dènye dat sèvis la oswa jouk lè mwen anile konsantman

| 9. Si se pa pasyan an, bay non moun ki siyen fòm nan: | 10. Otorizasyon pou siyen anba non pasyan an: |
|---|---|

Mwen te ranpli tout pati yo nan fòm sa a, yo te reponn kesyon mwen yo konsènan fòm sa a, epi yo ban mwen yon kopi fòm nan.

______________________________ ______________

SIYATI PASYAN AN OSWA REPREZANTE KI GEN OTORIZASYON LALWA — DAT LA

Deklarasyon/Siyati Temwen: Mwen te temwen lè otorizasyon sa a t ap siyen, epi mwen deklare yo te bay pasyan an ak/oswa reprezantan otorize pasyan an yon kopi otorizasyon an ki siyen.

______________________________ ______________________________ ______________

NON AK TIT MANM EKIP LA — SIYATI — DAT LA

Biwo pou Sèvis Abi Alkòl ak Dwòg Eta New York ( NYS Office of Alcoholism and Substance Abuse Services) te apwouve fòm nan pou bay pèmisyon pou pataje enfòmasyon sou sante yo. Men fòm sa a pa egzije pou pwofesyonèl swen sante yo pataje enfòmasyon sou sante yo.

**Enfòmasyon sou tretman pou abi alkòl/dwòg oswa enfòmasyon sekrè e prive anrapò ak VIH yo pataje nan fòm sa a fèt pou vini avèk deklarasyon obligatwa konsènan entèdiksyon pou pa re-pataje enfòmasyon.**

*Nòt: Yo ka pataje enfòmasyon nan dosye klinik sante mantal dapre otorizasyon sa a ba moun oswa ajans ki idantifye nan dokiman an ki gen yon bezwen pou enfòmasyon yo yo ka pwouve, depi yo pa prevwa sa pral nuizib pou pasyan an oswa pou yon lòt moun nan yon fason rezonab si yo pataje li.